A Kudzorera zviri zvaMwari.

- ❖ Pfuma yomumwe mufumi yakawedzera. Akavaka matura makuru uye akagutsikana. Penjeni yake yakange yavimbiswa! Chii chakashata nenyaya iyi (Ruka 12:13-21)?
- ❖ Zviito zvacho pachazvo zvakanga zvisina kuipa. Sezvakataurwa naJesu, nyaya yaiva yokuti murume uyu aiva nemakaro. Akanga asingadi kugovera zvaakapiwa naMwari kune vamwe(Ruka 12:15).
- ❖ Chero bedzi tine utano hwakanaka hwomuviri nepfungwa, tinofanira kunge tichiita zvakarurama nechinhu chose icho Mwari akaisa mumaoko edu: simba, matarenda, pfuma…
- ❖ Zvinhu zvose izvi zvinofanira kudzorerwa kuMuridzi wazvo. Sei?

B Kugadzirira ramangwana.

- ❖ Chii chatinofanira kuita nezvinhu zvatichasiya patinofa? (1 Timotio 6:7).
- ❖ Zvichiri zvaMwari, zvisinei kuti zvingava zvakawanda zvakadini. Bhaibheri rinotikurudzira kuti tiise utariri hwedu kuvana vedu nehama dzedu (Zvirevo 13:22; 1Timotio 5:8). Kana pasina vadyi venhaka, tinofanira kuzvisiira kuSangano.
- ❖ Mune dzimwe nyika, nhaka inobva yatongonangiswa kuvana. Kana mitemo yenhaka munyika yako isingawirirane nezvirongwa zvako, unofanira kunyora wiri kuitira kuti nhaka yako isiyirwe kuvanhu vakafanira.

C Kufadzwa nemakomborero edu.

- ❖ Wakagamuchira makomborero kubva kuna Mwari here? Fadzwa nawo! Usaapambadze, ashandise nekuchenjera (Zvirevo 27:23). Ipa Mwari chegumi chako nemipiro (Deutronomio 12:11). Ita zvinodiwa nemhuri yako (Zvirevo 27:27). Usakanganwa nezveavo vanoshaya (Jakobho 1:27).
- ❖ Zviri kwatiri zvino kuita gadziriro kuitira kuti zvatakakomborerwa nazvo zvigova chikomborero kune vamwe uye kufambisira mberi basa raMwari.

D Tinofanirwa kudzorera rinhi?

- ❖ **Kunonoka kudzorera.**
  - — Sezvatinokura, tinowanzobatirira kupfuma yedu. Hazvina kumbokwana, kupfuma kwako ndiko kunoita kuti ude kupfumazve pamusoro paizvozvo (Muparidzi 5:10). Uyu musungo waSatani kuti atibvise pana Mwari.
  - — Bhaibheri rinotikurudzira kuti tisamboisa tariro yedu papfuma (1 Timotio 6:17), asi kuti tigutsikane nezvatiinazvo (Zvirevo 30:8).
  - — Vamwe vanhu vangasadzorera kuna Mwari zvavanogona zvino nokuti vanotya kuti vangangoshayiwa zvakakwana panguva yokukwegura kwavo. Tiri kunyima vanhu zvikomborero zvavangave nazvo zvino, uye tiri kuzvinyima pachedu chikomborero.
- ❖ **Zvakanakira “zvino.”**
  - — Ndezvipi zvakanakira kudzorera kuna Mwari tiri vapenyu?
    - (1) Mupi anogona kuona mhedzisiro yemupiro wake: chivakwa chitsva chekereke, wechidiki ari kudzidza kuyunivhesiti, kufambiswa kwevhangeri…
    - (2) Munhu anogamuchira kana kuti ushumiri zvinogona kubetserwa zvino, apo zvinogona kunge zvichida kubatsirwa kwazvo
    - (3) Zvinopa muenzaniso wakanaka werupo uye wekuda vamwe
    - (4) Inoderedza mutero wehupfumi(wealth tax) mudzimwe nyika
    - (5) Kunovimbisa kuti mupiro unoenda kusangano rakakodzera, sezvo pasina matare kana kuti hama dzisina kugutsikana dzinopinzirwa
    - (6) Zvinoratidza kuti mwoyo wemupi wakatendeuka kubva paudyire kuenda kukufunga vamwe
    - (7) Tirikuzvivunganidzira pfuma kuDenga